

FÒMILÈ KONSANTMAN POU RECHÈCH

Sèvi ak Plak (Plate) oswa ekri ak lèt majiskil:

Nimewo Dosye Medikal:

Dat Nesans:

Non Patisipan an:

Sèks:

Tit Pwotokòl:

Chèchè Prensipal:

Fomilè Konsantman Abreje pou Patisipe nan Rechèch

N ap mande w si w vle patisipe nan yon etid rechèch. Anvan w aksepte pou patisipe nan etid la, yon manm ekip etid la dwe fè w konnen kèk bagay sou rechèch la. L ap fè w konnen:

- Rezon ki fè y ap fè rechèch la
- Kisa ki pral rive w pandan rechèch la
- Konbyen tan rechèch la pral dire e pou konbyen tan yo pral mande w patisipe ladan l
- Tout pati nan rechèch la ki toujou aleta eksperimental (yon bagay y ap teste toujou)
- Tout risk oswa pati nan rechèch la ki ka andomaje w oswa ki ka fè w enkonfòtab
- Tout benefis oumenm oswa lòt moun ka rekòlte de rechèch la
- Tout lòt tretman oswa pwosedi medikal ki ta ka ba w plis benefis ke sa rechèch la ka ba w (altènativ)
- Kèk idantifikasyon sou moun nou pral pataje done w yo ak yo
- Kouman n ap pwoteje konfidansyalite w ak enfòmasyon prive w yo.

Anplwaye ki nan etid la fèt pou yo mete w okouran de enfòmasyon ki pi ba a si li aplike pou etid sa a:

- Si w pral resevwa konpansasyon (lajan oswa tretman medikal gratis) si w andomaje pandan w nan etid rechèch sa a
- Si gen de risk ke nou pa konnen pou lemoman men ki ka prezante alavni
- Si gen rezon ki fè moun k ap fè rechèch yo ka sispann patisipasyon w nan etid la
- Nenpòt lajan w ta dwe peye pou w patisipe nan etid la
- Kisa k ap rive si w vle sispann patisipe nan etid la
- Kilè y ap mete w okouran de nouvo dekouvenèt ki ka koze w chanje lide w konsènan patisipasyon w nan etid la
- Konbyen moun ki pral patisipe nan etid la.

Aprè yo fin ba w tout enfòmasyon ki anlè a, anplwaye ki nan etid la pral mande w si w vle patisipe ladan l. Si w aksepte, alèkile anplwaye ki nan etid la pral mande w pou siyen fomilè sa a. Yo fèt pou yo ba w yon kopi fomilè sa a ki siyen e ki nan lang natifnatal ou. Yo pral ba w tou yon rezime alekri sou rechèch la nan lang angle.

Oumenm oswa moun k ap entèprete pou ou a, ka rele _____ nan _____ nenpòt lè w gen kesyon sou rechèch la oswa nenpòt lè w gen kesyon sou sa pou fè si w andomaje. Oumenm oswa moun k ap entèprete pou ou a ka rele Komite Rechèch Klinik Boston Children's Hospital nan 617-355-7052 si w gen kesyon sou dwa w yo antanke patisipan nan yon rechèch.

Ou lib pou w decide si wi oswa non ou vle patisipe nan etid rechèch sa a. Sa depann de oumenm. Ou ka decide ke w pa vle patisipe nan etid la. Ou ka decide ke w vle patisipe nan etid la e ke w vle sispann patisipe a nenpòt ki moman. Si w decide pou pa patisipe nan etid la oswa si w decide pou sispann patisipe ladan l, ou p ap pèdi okenn benefis ke w gen dwa a yo. Kèlkeswa desizyon w pran an, li p ap chanje jan anplwaye yo ba w swen, men si w decide pou w patisipe nan etid rechèch la li ka chanje plan tretman w lan.

FÒMILÈ KONSANTMAN POU RECHÈCH

Nimewo Dosye Medikal: _____

Non Patisipan an: _____

Lè w siyen dokiman sa a, sa vle di ke yo te eksplike w kisa etid rechèch la ye. Sa vle di ke yo te mete w okouran de tout enfòmasyon ki liste piwo a. Si w siyen fomile sa a, sa vle di ke w askepte pou patisipe nan etid la.

Patisipan an Di li dakò

■ _____
Dat (MM/JJ/ANE) Siyati **Patisipan Timoun/Adolesan** (Si sa aplikab)

Konsantman Patisipan ak/oswa Otorizasyon Paran/Gadyen Legal

■ _____
Dat (MM/JJ/ANE) Siyati **Patisipan Adilt** oswa **Paran** oswa **Gadyen Legal** Kisa li ye pou timoun nan

■ _____
Dat (MM/JJ/ANE) Siyati **Temwen* ak Entèprèt** Ekri Non an ak lèt majiskil

* *Temwen an asire yo te dekri pwotokòl rechèch la e patisipan an te enfòme li ka poze kesyon*